



Department of Motor Vehicles

APLIKASYON POU KOPI TIT PWOPRIYETE

TITLE BUREAU
PO Box 2750
Albany, NY 12220-0750

Si nenpòt nan deklarasyon ki anba yo aplike pou aplikasyon sa a, tcheke kare pou chak deklarasyon ki aplike a epi ranpli Seksyon 1 ak Seksyon 2 ki anba a. Si pa gen okenn deklarasyon ki aplike, ale nan "Enstriksyon" anba yo:

- Adrès la se yon **NOUVO ADRÈS**.
 Non **NON PWOPRIYETÈ A CHANJE**. Antre **NOUVO** non an:
 Moun ki **PWORIYETÈ A MOURI**
 Moun ki **PWOPRIYETÈ A TE BAY YON MANDA**.
 Ak aplikasyon sa a gen yon **REKLAMASYON orijinal sou li** ki siyen epi ki gen ladann yon dat. (Yo pa aksepte fotokopi.)

Siyati, Prenon, Dezyèm Prenon

ENSTRIKSYON YO:

- Konplete Seksyon 1 anba a. Bay tout enfòmasyon yo mande yo.
- Li, siyen epi antre dat nan Seksyon 2 a - Sètifikasi.
- Bay prèv idantite obligatwa pou moun ki siyen legalizasyon an nan Seksyon 2 (gade Seksyon 3 nan paj 2).
- Si non ou chanje, pwopriyetè a mouri, oswa si ou gen yon Manda, bay dokiman nesesè yo ki dekri nan Seksyon 4 nan paj 2 a.
- Bay yon frè \$20 separe pou chak aplikasyon.**
- Pote aplikasyon sa a ansanm ak dokiman ORIJINAL ou pou prèv idantite ak kantite frè kòrèk la nan nenpòt biwo Veyikil Amotè. Si Seksyon 4 la aplike pou ou, pote dokiman obligatwa.

OSWA

Poste aplikasyon sa a avèk FOTOKOPI prèv idantite ou, nenpòt dokiman adisyonèl (si se obligatwa anba Seksyon 4 la) ak frè kòrèk la bay Biwo Tit Pwopriyete a nan adrès ki parèt nan tèt paj sa a. Peye ak yon chèk pèsonèl oswa chèk postal (money order) sou non "Commissioner of Motor Vehicles" pa voye lajan kach pa lapòs.

OSWA

Si adrès ou a pa chanje depi dènye anrejistreman veyikil la epi adrès ou ye kounye a sou anrejistreman ou, ou ka aplike pou yon tit kopi sou Entènèt. Pou kapab jwenn plis enfòmasyon, al gade nan dmv.ny.gov

↓ KLIYAN AN RANPLI SEKSYON 1 ak 2 KI ANBA YO ↓

SEKSYON 1

Nimewo Identifikasyon Veyikil oswa Hull (VIN oswa HIN)	Ane	Mak	Nimewo Plak Imatrikilasyon
Non Pwopriyetè a (Siyati, Prenon, Dezyèm Prenon oswa Non Biznis lan)	Dat Nesans (Mwa/Jou/Ane)		/ /
C/O (Pou Avoka, otorizasyon konsesyonè oswa si pwopriyetè a mouri)			
Adrès Postal aktyèl (Nimewo Ri ak Non)	Apatman. Nimewo	Nimewo Telefòn pou Lajounen ()	
Vil oswa Vilaj	Eta	Kòd Postal	

SEKSYON 2 — LEGALIZASYON

Mwen konprann **KOPI SÈTIKI TIT PWOPRIYETE** mwen te resevwa kòm rezulta demann sa a ranplase tout tit pwopriyete yo te bay deja epi se sèlman kopi sa a ki ka itilize pou vann, transfere oswa boukante veyikil, bato oswa kay yo fabrike ki dekri pi wo a. Mwen sètifye dènye Sètifikasi Tit Pwopriyete ki te bay la te pèdi, detwi oswa andomaje. Si li pèdi oswa detwi, mwen pa konnen ki kote li ye; si li domaje oswa ilizib, mwen tache li ak aplikasyon sa a. Mwen konfime enfòmasyon mwen te bay sou aplikasyon sa a ak sou nenpòt dokiman yo bay pou sipòte aplikasyon sa a vrè epi konplè.

AVÈTISMAN: Si ou ta fè yon fo deklarasyon sou aplikasyon sa a, oswa soumèt nenpòt dokiman pou kore aplikasyon sa a ki fo, yo ka pini ou pou yon zak kriminèl.

SIYEN LA A X

(Siyati Pwopriyetè oswa Aplikan)

(Dat)

Si ou ap siyen pou yon sosyete oswa itilize yon adrès "in care of", enprime non konplè w ak tit ou isit la (sètadi. Avoka, Egzekitè, Fanmi Pwòch, Prezidan, elatriye)

ENPÒTAN: DAPRÈ LALWA, KOPI SÈTIKI AK YO DWE VOYE PA LAPÒS BAY PWOPRIYETÈ A. A PALE NAN DMV POU JWENN KOPI TIT LA.

SEKSYON 3 - PRÈV NON/IDANTITE

- ◆ Si ou aplike nan yon biwo DMV, pote prèv oriinal yo.
- ◆ Si ou aplike nan kourye lapòs, voye fotokopi prèv yo pou nou. Yo p ap retounen oriinal yo.

Pou moun yo

- ◆ Prèv dat nesans, ak
- ◆ 6 pwen pou pwouve non yo

Yon foto lisans chofè Eta New York, pèmi pou aprann, oswa kat idantite moun ki pa chofè ki valab oswa ki ekspire pa plis pase dezan satisfè toude kondisyon yo. Lòt dokiman ki akseptab pou prèv idantite ak valè pwen ki gen rapò ak yo, gen yon lis sou fòm ID-82 (Prèv Idantite pou Anrejistremant Tit) ki disponib sou dmv.ny.gov ak nenpòt biwo Veyikil Amotè.

Pou Sosyete anonim yo (youn nan prèv sa yo)

1. Yon anrejistremant machin Eta New York oswa yon sètifica ak nan non sosyete anonim nan; **OSWA**
2. Yon kopi sètifye Sètifica Enkòporasyon Eta New York la; **OSWA**
3. Sosyete anonim Eta New York dwe bay:
 - a. yon sètifica konfòmite oswa yon sètifica ki valab Depatman Deta Eta New York; **OSWA**
 - b. yon resi pou ranpli pa Depatman Deta Eta New York.
4. Sosyete andeyò Eta a dwe bay:
 - a. yon kopi sètifye Sètifica Enkòporasyon an ki soti nan Eta lakay yo; **OSWA**
 - b. yon sètifica òf ki deja egziste oswa etranje Depatman Deta Eta New York bay.
5. Antrepriz DBA dwe bay yon resi ranpli nan Depatman Deta Eta New York.
6. Asosyasyon ki pa enkòpore: Prèv ki nesesè yo depann de kalite òganizasyon an. Kontakte yon biwo Veyikil Amotè pou enfòmasyon.

Pou Patenarya yo (youn nan prèv sa yo)

- ◆ Yon sètifica asosyasyon an (klase pa Distri Grefye yo); **OSWA**
- ◆ Yon kopi resi depo DBA Distri Grefye a bay.

SEKSYON 4 - ENSTRIKSYON ESPESYAL POU CHANJMAN NON, PWOPRIYETÈ KI MOURI OSWA PWOKIRÈ

Chanjman Non

1. Nan tèt paj 1 tcheke kare "NON PWOPRIYETÈ A CHANJE" epi antre nouvo non ou nan espas ki bay adwat la.
2. Nan Seksyon 1 an, antre ansyen non ou nan kare "Non Pwopriyetè a" epi ranpli rès bwat yo nan seksyon 1 an.
3. Nan Seksyon 2 an, siyen legalizasyon an epi ekri dat.

Si non ou chanje epi ou vann veyikil la, bato, oswa kay fabrikan la, ou ka bay moun ki achte machin nan tit la ki gen ansyen non ou a. Yon tit nan nouvo non ou pa obligatwa.

Si ansyen non ou a sou tit la ak enskripsyon an epi ou bezwen yon kopi ak nan nouvo non ou a, ou dwe chanje non ou sou lisans ou ak anrejistremant ou. Pote aplikasyon sa a AK oriinal sètifica maryaj, sètifica divòs oswa lòt dokiman ki konfime non ou chanje nan nenpòt biwo Machin ak Motè.

Si ansyen non ou sou ak la men veyikil la PA anrejistre epi ou bezwen yon ak sou nouvo non a, ou DWE voye nan kourye lapòs aplikasyon sa a AK yon fotokopi sètifica maryaj ou, sètifica divòs oswa lòt dokiman ki konfime non ou chanje pou Biwo Tit Pwopriyete ou a nan adrès ki montre anlè Paj 1 la.

Pwopriyetè ki Mouri

1. Nan tèt paj 1 an, tcheke kare "PWORIYETÈ KI MOURI".
2. Nan Seksyon 1 an:
 - Antre non a dat nesans moun ki mouri a.
 - Nan espas "C/O" (In Care Of) la, antre non ou.
 - Nan espas "Adrès Postal aktyèl la", antre adrès ou.
3. Nan Seksyon 2 an:
 - Siyen non ou epi endike swa relasyon ou genyen ak moun ki mouri a (konjen moun ki mouri a, timoun ki poko gen 21 an oswa fanmi ki pi pwòch li) oswa tit legal tribunal la akòde. Pa egzanp: "Mike Motorist, Egzekitè nan byen David Brown"; "Mike Motorist (Konjen sivivan)"; "Mike Motorist (Gadyen timoun minè)", elatriye.
4. Ou dwe pote oswa poste bagay sa yo tou:
 - Dokiman pou pwouve idantite ou, pa idantite moun ki mouri a (gade Seksyon 3 a);
 - Yon kopi sètifica desè; ak
 - Lèt Testaman oswa Lèt Administrasyon (si relasyon ki anwo yo pa aplike pou ou).

REMAK: Lòt direktiv ka aplike pou anrejistre oswa transfere veyikil ou bezwen yon kopi ak la. Pou plis enfòmasyon, gade fòm MV-349 (Transfè Veyikil ki Anrejistre sou Non yon Moun ki mouri) oswa fòm MV-349.1 (Afidavit pou Transfere Veyikil Amotè).

Manda

Nan tèt paj 1 an, make kare "PWORIYETÈ TE BAY MANDA A". Nan Seksyon 1 an:

1. Antre non ak dat nesans moun pwopriyetè a.
2. Nan espas "C/O" (In Care Of) la, antre non ou.
3. Nan espas "Adrès Postal aktyèl la", antre adrès ou.
4. Bay yon pwokirasyon oriinal (POA) ki notarye epi ki gen ladann: Dat POA te bay, non ak adrès moun oswa konpayi ki te bay POA, non ak adrès moun oswa konpayi ki gen POA a, oriinal siyati moun ki bay POA a.

